Bharat Temples

# हम सब आइली तोर दुअरिया

हम सब आइली तोर दुअरिया,
मैया ताको न हमरी ओरिया ॥

कोई ओसरा पखारे, कोई गहबर पखारे
कोई पखारेला ॥, तोहरी पीरिया
मैया ताको न हमरी ओरिया ॥

कोई नारियल चढ़ावे, कोई लड्डू चढ़ावे
कोई चढ़ावेला ॥, ललकी चुनरिया
मैया ताको न हमरी ओरिया ॥

कोई धूप जरावे, कोई दीप जरावे
कोई जरावेला ॥, अगरबतिया
मैया ताको न हमरी ओरिया ॥

कोई बल बुद्वि माँगे, कोई अन धन माँगे
कोई माँगेला ॥, गवेंट नौकरिया
मैया ताको न हमरी ओरिया ॥

हम सब आइली तोर दुअरिया,
मैया ताको न हमरी ओरिया-4 ॥

जय माता दी
प्रभाकर कुमार
माँ काली मंदिर
मालवीया नगर , सोहजाना

Source:
https://www.bharattemples.com/hum-sab-aaili-tor-duariyan-maiya-taako-na-hamari-oriyan/

Complete Bhajans Collections - Download Free Android App
https://play.google.com/store/apps/details?id=com.numetive.bhajans

Facebook: https://www.facebook.com/bharattemples/
Telegram: https://t.me/bharattemples
Youtube: https://www.youtube.com/channel/UC24oJCxZJyhhKzSUD-Lt9Tw